ПсалъэкІэ къыпхуэІуэтэжыкъым

2-нэ нап.

Светланэ и пшыхь дахэ

3-нэ нап.

Насыпыр Іыхьэ мыгуэшщ

3-нэ нап.

Къурмрэ бажэмрэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№48 (24.486) ● 2023 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

Лэгъупыкъу

4-нэ нап.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэм къыдэритамкІэ

ЦІыхубэм нэхъ япэгъунэгъу ІэнатІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэр хэтащ ЩІыпІэ самоуправленэм зегъэужьыныкІэ совету УФ-м и Президентым и нэІэм щІэту лажьэм и зэхуэсым. Видео зэпыщІэныгъэ мардэм тету къыдэрагъэпэщащ зэІуцІэр ирырагъэхьэлІащ ЩІыпІэ самоуправленэм и махуэм.

СОВЕТЫМ и иужьрей зэхуэсыр теухуауэ щытащ щІыпІэ унафэщІхэм лъэпкъ проектхэр гъэззэщІэныкІэ я пщэрылъ Іуэхугъуэхэм. Иджырейр трагъэхьащ щІыпІэхэм унафэ щы-зезыгъакІуэ ІэщІагъэлІхэм ябгъэдэлъ зэфІэкІым хэгъэхъуэным, апхуэдэуи щІыналъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зегъэужьыным. Къэрал унафэщІым зэхуэсым хэтахэм гу лъаригъэтащ щІыпІэхэм я зыужьыныгъэм мыхьэнэ нэхъыбэ етын зэрыхуейм, апхуэдэуи къыхиГъэщащ лэжьыгъэр нэхъ тэрэзу зэфІэзых, экономикэмкІэ екъуІэнгъэхэр зыІэрызыгъэхъэ, Іуэхур зэфІэгъэкІыным мыльку къыхэзыльхьэфыну хьарычэтыщІэхэр абы къыхуэзыІэзыгъэуІуэ, хьарычэт Іуэхум зегъэужьыным мыхьэнэхуэ езыт унафэщІхэр зэрыгъэпэжапхъэри.

Путин Владимир жиІащ: «ЩІыпІэ унафэщІхэм зэфІэвгъэкІ лэжьыгъэхэм къызэрымыкІуэу мыхьэнэшхуэ яІэщ, сыту жыпІэмэ властым щыщу фэращ цІыхухэм нэхъ гъунэгъу дыдэу ядэлажьэр. ЛЪэІу, Іуэху, жэрдэм зэхуэмыдэхэмкІэ зыкъыфхуэзыгъазэхэр къыфщогугъ набдзэгубдзапльэу фахущытыну, ахэр къызытекІухьа Іуэхухэм яхуэфащэн гулъытэ яхуэфщыну. Къэзгурогъуэ фи лэжьыгъэм лъэпощхьэпо куэдым фызэрыщыІууэр, мылъкур къыщывэмэщІэкІи къызэрыхьур. АтІэми, щІыпІэхэм унафэр щызезыгъакІуэ ІэщІагъэлІхэр гугъуехьхэм ябапмыкІуэт, хэкІыпІэхэр къэзыгъэтыф цІыху пэжу, жыджэру щытмэ, апхуэдэжэр зи пашэ щІыналъэхэращ зыужьыныгъэ щызэрагъэгъуэтыфхэр, ехьуІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьэфхэр».

Президентыр хэхауэ къытеувыІащ СВО-м хэт зауэлІхэм, абыхэм я унагъуэхэм гулъытэ яхуэщІныкІэ щІыпІэ унафэхэр зезыгъакІуэхэм къалэнныкъуэ зэраІэм.

«Тхьэмахуэ къэс едгъэкІуэкІ «ЩІыпІэ сыхьэтыр», цІыхухэм даззрыІущІэр, жылэхэм щІэх-щІэхьыурэ дыззрыкІуэр самоуправленэм и ІэнатІэхэм даззрыдэлажьэ Іэмалхэм ящыщ зыщ. Нэгъабэ къэтпщытащ щІыпІэхэм унафэр щызезыгъакІуэ ІэщІагъэлІхэм я лэжьыгъэр. Иужьрей илъэсищым къриубыдэу Іуэхугъуэ нэхъыфІ зэфІэзыхаэр щІыналъэ бюджетым къыхэкІыу дгъэпэжащ. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІем пытщэнущ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек, Советым и Іэжьыгъэм зэрыхэтам щытепсэлъыхьыжьым.

А Іуэхугъуэм ар къыщытеувыІащ КЪБР-м и Парламентым ЗэрызыхуигъазэмкІ. «Ди цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныжьмкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ щІыпІэ самоуправленэм и ІэнатІэм лэжьыгъэр зэрыщызэфІах щІыкІэм. Абы зыужьыныгъэ игъэтынущ, и мыхьэнэмэ хэхъуэнущ. А псори Урысей Федерацэм щыпсэухэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм я ехьулІэныгъэм зэрыхуэлэжьнур си фІэщ мэхъу».

НэщІикІыж хьидым щІыналъэр егъэбжьыфІэ

Мыгъэрей НэщІикІыж хьидыр гъатхэм и дахэгъуэу зэрырихьэлІам нэмыщІ, мэрем махуэми техуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым къали кІуажи къина къыщІэкІынкъым ар Іэтауэ щамыгъэлъэпІауэ.

«КЪАБЫЛУ Алыхьым фІих!», «ЕтІанэгъэ пІалъэ фІыкІэ Тхьэм фынигъэс!» - дэнэкІи щызэхэпхыр а псалъэухахэрщ. Дунейм ехьажэ ягу къыщІагъэкІыж, благъэхэм щакІэлъыкІуэ, гъунэгъуэхэм гулъытэ хэха щыхуащІ, уеблэмэ хамэхэр щызрагъэхъуапсэ махуэщ Нэщікіыжыр мусЛъымэным дежкІэ. ГуфІэгъуэм хьэблэм щыщІедэІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр мыин дыдэу щытми, хьид махуэм хуэхэа дауэдапщэхэр щІыпІэщІыпІэкІэхэр мащІэ-мащІэу щызэщхьэщокІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Къэбэрдеишхэм «Іэубыдыр» щытепщэмэ, Джылахьстэнейм и хьид щыкІэм зэреджэр «кхъэдэкІщ». Щхьэж и нэхъыжьхэр зыщІэлъ кхъуажэжхъэхэм хуэпІащІэ машинэхэр гъуэгум щызэтрехъэ. Абыхэм яхэтщ Іэфынкіэ эратыну сабийхэри япэ ищахэм я кхъащхьэм Іэ дзэпльэну кІуэ балигъхэри. Адэкіэ хьид нэмэзым и чэзыр къэс.

Мин бжьыгъэм щІигъурт Налшык дэт мэжджыдышхуэм хьид нэмэзыр щызыщІыну мэлыжьыхьым и 21-м къекІуэлІахэр. Уеблэмэ зэхуэсахэм, абы и кІуэцІым щІэмыхуэу, мэжджыт пщІантІэр яуфэбгъуат. КІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу шууэ, фащэ ящыгъуу мы махуэм къыдэкІхэм я бжыгъэр. Иджы адыгэ цейкІэ хьидым хэтхэм я гъусэт Налшык щеджэ, мусЛъымэн къэралхэм къикІа, я лъэпкъ щыгъыныкІэ махуэшхуэм къыхьыжьахэри.

Къызэхуэсахэм хьуэхуэрэ хъутІбзкІэ закъыхуигъэзащ КЪБР-м и мусЛъымэн Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Дзасэжь Хьэзрэталий. Иужьк1э КЪБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэм и проектхэмкІэ и министр КІуэрашын Анзор республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и хьуэхъуэм къеджащ. А махуэ дыдэм КЪБР-м и Унафэщ1ыр мэжджыШхуэм екІуалІэри, муфтийм езыр ехьэхъуащ. Дзасэжь Хьэзрэталий республикэм и Іэтащхьэр щыгъэзащ ищІащ нэщікіыжьым епха дауэдапщэхэр щІыналъэм дагъуэншэу зэрыщекІуэкІым.

Гуапагъэр нэжэгужагъэр щытепщэ мы махуэшхуэм и мыхьэнэр къыбгурыІуэн папщІэ, урикъунщ абы нэщІ зыІыгъаи зымыІыгъаи, нэмэз зыщІи зымыщІи, уеблэмэ мымусЛъымэни зэрекІуалІэм. ИпэжьипІэкІи аращ цІыкугъэм и хабзэр.

Гъэ къэси хуэдэу, Налшык дэт мэжджытышхуэм гуфІэгъуэр щыгукъинэжт. Лэгъупэжьхэм абдеж дыдэм щагъэхьэзыр шхыныгъуэхэр ягуэшу, сабийхэм папщІэ ягъэхьэзыра Іэфынкіэ хъуржын цІыкІуэхэр зэІэпахыу, шыгу зэщІэщІакІэ къэзыжьыхэр щхьэхуэу, диным хэпщІыкІыр зыхуэдизыр къозыгъэщІэж упщІэхэмрэ уи жэуапым къыпэкІуэ тыгъэхэмрэ тІуащІэ-щащІэу...

Нэщікіыж хьидыр гъэлъэпІэнымкІэ зи цІэ фІыкІэ зыгъэІу къуажэхэм ильэс къэс цІэщІэ къахоувэ. Мы гъэми а хабзэ дахэм хиубыдащ Исльэмей, Дыгулыбгъуэй, Зеикъуэ, Къэхъунт, Дзэлыкъуэдзэс, Псыгуэнэс, Кэнжэ, Псыхъурей, ХьэпцІей, Болэтей, Хьэтуей, Джэрмэнэшык, иджыри зи цІэ къидмыІуа куэд.

Губгъуэм щапщэфІа шхыным нэхърэ нэхъ Іэфі щыІэ? Къэхъунтдзсхэми хьидыр щрагъэкІуэкІыну къухахар къуажэ мэжджытым и пщІантІэрат. «Уи Іэ ижьым ильэр сэмэгум иремыщІэ» жыхуаІэм ещхьу, хэзыльхьам и цІэри ахъшэ хальхьам и бжыгъэри мыналуэу, кІэхъун мэжджытым екІуалІэхэм я къару защІэкІащ мазэуэшхуэр къызэрызэрагъэпэщащ. Къапщтэмэ, адыгэм и цІыху зэхэшэкІэр иГъащІэми зызымыхуэжщ: нэхъыжьым жьантІэр хуэхащ, Іуэхутхъэбзэр зи пщэ къыдэхуэ щІалэгъуэм дегъуасэ нэмэз зымыщІар пщэдей нэмэзлыкъым теувэнущ.

Екіуу, дахэу, Іэуэльэуэнщэу Хьид махуэр республикэм зэрыщекІуэкІар щІыналъэм ис мусЛъымэнхэр я хабзэ дахэм зэрытетым и нэщэнщ. Дауэдапщэхэр иджыри зэфІэкІакъым. Зыгъэпэхъуахэм я гуфІэгъуэ махуэхэр иджыри республикэм щокІуэкІ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

ІэщІагъэлІхэр ягъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ Егъэджэныгъэ хэха щрагъэгъуэт, фейдэ къеГъэщІыным емыпхэ «Іуащхьэмахуэ» корпоратив университет» Іуэхущ1апІэм и КІэлъыплъакІуэ советым хэтхэм я япэ зэІущІэр.

СОВЕТЫМ и тхьэмадэу хаха **КІуэкІуэ Казбек** къыхигъэщащ корпоратив университетым и ректор ІэнатІэм щІыналъэ, къэрал къулыкъущ1апІэхэм щылажьэхэм я Іэщ1агъэм хэгъэхъуэным зэрыарар. А Іуэхум къэралыр зэрыкъуэныкъуэр ЩІыпІэ самоуправленэхэмкІэ УФ-м и Президентым деж щыІэ советым и зэІущІэм къыщигъэльэгъащ Путин Владимир.

«Іуэхур дызыхуэныкъуэщи, гъэзгу захуэм дызэрытетым шэч хэлъкъым, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Абы дызэрыт зэманым къытхуигъэув къалэнхэмрэ мардэщІэхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зиужьыныкІэ зыхуэдгъэувыжхэм, къэрал Унафэщ1ым ди пщэ кърилъхьэхэм пэльэщын Іэщ1агъэлІхэр къыщІэгъэкІынущ».

КІэлъыплъакІуэ советым хагъэхьащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, КЪБР-м и Парламентым, Правительствэм хэтхэр, гъэзэщІакІуэ, щІыналъэ кулыкъущ1апІэхэм щыІэхэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. «Іуащхьэмахуэ» корпоратив университет» Іуэхущ1апІэм и къизэгъэпэщакІуэщ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэр, КЪБР-м Щ1алэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэмрэ Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэмрэ.

Советым и зэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Мусуков Алий**, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэу **Быф Анатолэ, Геккиев Заур, Родина Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Миронов Николай**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректорым и кулыкъуп1алъэкІэ зыгъэзащІэ **Алъутд Юрэ**, КЪБКъМА-м и ректор **Апажэ Аслъэн**, «Российское общество «Знание» урысейпсо жылагъуэ къэрал Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и Іуэздзэ **Сериков Антон**, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэмкіэ и къэрал институтым и ректор **Рахаев Анатолий**, КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис**, абы и япэ къуэдзэ **Тымыжь Хьусен**, КЪБР-м Зыужьныгъэмкіэ и корпорацэм и унафэщі **Чочаев Ахьмэт**.

«Мэшыкуэ» щІэныгъэ центрым унафэщІэр зэрыщагъэхьэзыр программэм и гугъу ищІащ Сериков Антон: ««Іуащхьмахуэ» корпоратив университет» проектыр Кавказ Ищхъэрэм щыяпэщ. Ар къыщІызэІуахар республикэм унафэщІ къулыкъым пэрытыфынуэр яГъэхьэзырын папщІэщ. Абы папщІэ щІэн хуейхэр уБзыхуэяу япэу утыку къизыхьар Къэбэрдей-Балъкъэрращ».

Егъэджэныгъэ хэха щрагъэгъуэт, фейдэ къеГъэщІыным емыпхэ «Іуащхьмахуэ» корпоратив университет» Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Айбазовэ Тамарэ** 2023 гъэм зэрылажьэну яубзыхуэ жыпхъэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ. «Хэгъэгум зыхуей хуэзэу щылажьэну унафэщІ гуп дгъэхьэзырын папщІэ Іуэхур зыІутыр къэтпщытэн хуейщ», - жиІащ абы. Университетым щеджэнухэр унэтІныгъэ зыбжанэкІэ яГъэхьэзырынущ.

Унафэщ1ым къызэрыщІащ1кІэ, иджыпсту нэхъыбэу зэлэжьныхэм ящыщущ Украинэм щекІуэкІ зэо Іуэху хэхам хэтхэм я сабийхэм папщІэ къызэрагъэпэща «ЛІыхъужьхэм я бынхэр» проектым хэтныхэм защІэгъэкъуэныр. Ящ1э егъэджэныгъэ Іуэхур щекІуэкІынур «Мэшыкуэ» центрращ, иужькІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщынущ.

«Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и хэщІапІэр

КІуэкІуэ Казбек зригъэлъэгъуащ зауэ Іуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защІэгъэкъуэныкІэ къызэрагъэпэща, «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэрал фондым и щІыналъэ къудамэр щылажьэну унэр. УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрыщыхуигъэзам къалэну къыщигъэльэгъуауэ щытащ фондыр къызэрагъэпэщу, абы и къудамэхэр къэралым и щІыналъэ псоми къыщызэІуахыну.

ЛЭЖЬЫГЪЭ зекІуэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Хъубий Марат**, республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр **Дыщэкі Аслъэн**, Налшык къалэ администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

Фондым и къудамэр щылажьэну унэр къалэм и кум хуэзэу къыхахащ. Къэбэрдей уэрамым тетщ. А щІыпІэм къытеувыІащ цІыхухэр нэхъ тыншу екІуэлІэфын, къалэм и дэтхэнэ пэльэныкъуэмкІи къикІ транспортыр бгъэдыхьэфын хуэдэу зэрыщытым къыхэкІыу. Зэман гъунэгъум унэм зэгъэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэжьэнущ, фондым и хэщІапІэм иубыдынущ метр зэбгъуэзнатІэу зы мин.

«Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм зауэ Іуэху хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэм, я унагъуэхэм зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэнущ, сыт хуэдэ Іуэхукіэ, гугъуехькІэ зыхуагъазэми, зэрахузэфІагъэкІынум и хэкІыпІэхэр къыщыхуагъуэтынущ. ЩІэгъэкъуэн яхуэхъунущ фІагъ льагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхъэбзэхэр хуащІэныкІэ, социальнэ, психологие реабилитацэ ягъуэтыныкІэ, санаторэхэм кІуэныкІэ, зыхуэныкъуэ хущъхуэхэмкІэ къызэгъэпэщынныкІэ. Къищынэмыщ1ауэ, ветеранхэм ядэІэпыкъунущ я псэукІэр ирагъэфІэкІуэныкІэ, егъэджэныгъэ и лъэныкъуэкІэ, нэгъуэщІ Іэщ1агъэм хуеджэжьныкІэ, лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщынныкІэ, хьарычэтыщІэ Іуэхухэм хьыхьныкІэ, Къалэн куэд щыхэфІах центрхэм зыхуэныкъуэ дэфтэр зэмылІэужьыгъуэхэр къеІыхьныкІэ.

Фондыр жыджэру дэлэжьэнущ жылагъуэм социальнэ дэІэпыкъуныгъэхэр щыхуащІэ къэралІуэхущ1апІэ псоми. Къищынэмыщ1ауэ, цІыхухэм я Іуэхухэр нэхъ тыншу зэфІахын папщІэ абы и къудамэхэр республикэм и районхэми къыщызэІуахынущ.

Адыгэ ныпым и махуэр тхурехъу угъурлы!

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 25-м илъэс пщыкІущ ирокъу Адыгэ ныпым и махуэр ди лъэпкъэгъуэ дунейм тетым зэрагъэлъапІэрэ. 2010 гъэм ар къыхилъхьауэ щытащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм.

ЛЪЭПКЪ къэс езым иІэжщ и къежьапІэ, и тхыдэ, ирехъу ар хабзэм, щэнхабзэм е гъэсэныгъэм екъэлІауэ. А фІыгъуэ мылъытэу лъэпкъыр зэтезыІыгъэр тхъумэжыну ди къаланщ дэтхэнэ зыми.

ЛІэщІыгъуитІым нэблагъуэ адыгэм къыдогъуэгурыкІуэ и ныпыр. Иужьрей илъэс зыбжанэм къриубыдэу мы махуэшхуэм лъэпкъ, дунейпсо мыхьэнэ иІэ хъуащ. Гъэ къэси цІыху нэхъыбэ крихьэлІэу, адыгэхэр зыщыпсэу щІыпІэхэм я музейхэм, библиотекхэм, курыт еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм, щэнхабзэмкІэ унэхэм Іуэху гъэщІэгъуэн куэд щрагъэкІуэкІ. Адыгэ ныпым екъэлІа а дауэдапщэхэм нэхъыжьхэри, ныбжьыщІэхэри къекІуалІэ зэрыхъуам ущымыгугфІыкІыу какъэркъым. Мыпхуэдэ махуэ дахэр лъэпкъым и лъэр щІэзыгъэкІщ, и пщІэр зыІэтщ. Дяпэкіи ди къаралым, ди лъэпкъым я къэкІуэнымкІэ ар Іуэху щхьэпэ зэрыхъунум щэн хэлъкъым. ФІыщІэ ин яхудощ1 абы зи къару хэзылъхьэ псоми!

Си гуапэу адыгэу щыІэм сыныбохъуэхъу узынщагъэ быдэрэ екъулІэныгъэрэ фиІэну, лъэпкъым къыхущІэхэпэн Іуэху куэд влэжьынущ!

Тхурехъу Адыгэ ныпым и махуэр угъурлы! ИрещІэращІэ Хэкур, адыгэ лъэпкъыр! Иребыдэ лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр!

СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ди республикэм и къалащхьэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым мы махуэхэм щыгъуазэ зыхуищІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. Ар щыІащ Налшык псы Іуфэм деж щауху зыгъэпэсэхупІэ паркыу «Дыгъафіэ къалэ» творчествэмкІэ сабий академием пэгъунэгъуэм.

КЪАЛЭДЭСХЭМ жьыджэру зыщагъэпсэхуфыну экстрим-паркым КІуэкІуэ Казбек нэхъапэІуэкІэ щытепсэлъыхьауэ щытащ, Мыл уардэунэм и ухуэныгъэм и гугъу щищІыну. Паркым и проектым елэжьныр и кІэм нэсащ. Абы къызэрыщыгъэльэгъуамкІэ, паркым иубыдыну щІэныгъэ зэрыщыгъэкІ. Ар ІэнатІэ мин 15-м щІигъу. Ухуэныгъэм и план нэхъыщхьэм итхэм ятепщІыхьмэ, хэтынущ Іуэхущ1апІэм и унафэщІхэр щылэжьэну унэ, спорт зэмылІэужьыгъуэхэм хуэгъэпса утыкухэр, сабий джэгупІэхэр, къэкІыгъэ хьэлэмэтхэр, дахэхэр щагъэтІысыну щІыпІэ, тетІысхьэпІэхэри щІыгъужу, зыгъэпсэхупІэхэр, пльэс ІыгъуэУ екІуэкІр. Апхуэдэу автомобиль гъэувыпІи иІэнущ.

ЗыгъэпсэхупІэхэм къахохъуэ

нущ метр зэбгъуэзнатІэ мин 15-м щІигъу. Ухуэныгъэм и план нэхъыщхьэм итхэм ятепщІыхьмэ, хэтынущ Іуэхущ1апІэм и унафэщІхэр щылэжьэну унэ, спорт зэмылІэужьыгъуэхэм хуэгъэпса утыкухэр, сабий джэгупІэхэр, къэкІыгъэ хьэлэмэтхэр, дахэхэр щагъэтІысыну щІыпІэ, тетІысхьэпІэхэри щІыгъужу, зыгъэпсэхупІэхэр, пльэс ІыгъуэУ екІуэкІр. Апхуэдэу автомобиль гъэувыпІи иІэнущ.

ПсалъэкІэ къыпхуэІуэтэнукъым

Шэрджэсхэм (адыгэхэм) я ныпыр «адыгэкІэ» эзджэжу Урысейм и кавказ республикэ зыбжанэм (Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм), Уэсмэн пащтыхьыгъуэм хьихьэу щыта къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэм я лъэпкъ ныпыр икІи Адыгэ Республикэм и къэрал ныпыр.

АДЫГЭ ныпыр щэкІ удэыфэ зэпэплИмэу щІащ, вагъуэ дыщафэ пщыкІутІэр эи пэкэр дзэгъэзеиуэ эзблэдза шабзэ дыщафэу щыгъэ тету.

Вагъуэ дыщафэ пщыкІутІым адыгэ лъэпкъ нэхъыщхьэхэр къагъэльагъуэ: къэбэрдейхэр, шэрджэсхэр, кІэмыргуейхэр, бесльэнейхэр, шапсыгъэхэр, бжьэдыгъуэхэр, абазэхэхэр, жанейхэр, мэмхэгъэхэр, мэхъуэшхэр, хъэтыкъуейхэр, хьыхэр.

Адыгэ ныпым и тхыдэр инджылыз дипломат, тхакІуэ, Инджылызым и лІыкІуэхэм я Іэхъуцапіэу Константинополь дэтам и секретарь (1805 - 1877 гъ.) Урюварт Дэвид накъыгъэм и 23-м 1838 гъэм Шотландием и Глазго кьалэм кьиззэщыпсэльэм кьыхощыж. Абы къыпсэльэ псори Лондон кьалэм 1863 гъэм Шэрджэс Комитетым кьыщытригъэдзауэ щытащ.

2018 гъэм и гъэмахуэм а зи гугъу сщІа тхыгъэ дыдэр Лондон кьалэм дэт Британие библиотекэм си нэкІэ щызэзгъэльагъуну, сыкъыщеджэну кьиззэхъулІащ.

• Тхыдэ

Тхыгъэм Урюварт шэрджэс лъэпкъыр «щацэхэм я къеКІуагъ», «пщащэхэм я щыкІафІагъ» псалъэхэмкІэ игъэбелджылыуэ икІи Шэрджэсыр поэзием и щыналъэу, уэрыс пщыдзэхэм нэхъыбэу шэрджэс зауэлІхэм я щыфэлІыкфхэмрэ я зэфІэкІэмрэ папщІэ пщІэ кьыхуащІу кьыхегъащ.

Абы зэрыжиІэмкІэ, япэ дыдэу шэрджэс лъэпкъыр нэхъ гъунэгъуу зригъэщІыхун мурад иІэу, и закъуэрэ Іэщэншэу ар абыхэм я щым щытеувам, гузавэрт икІи егупсысырт: «Е сызыхуейр кьызэхъулІэнщ, е ар зэгъэхъулІэну сыхущІэкъуурэ сылІэнщ».

ГъэщІэгъуэнщ абы адэкІи и гупсысэхэм зэрызахъэжар: «ПсалъэкІэ къыпхуэІуэтэнукъым мы цІыхухэм си гур зэратхъэкъуар, абыхэм ябыщІа сызэрыхъуар», - зыкІеуемыс Урюварт икІи мыпхуэдэ упщІэ и щхьэм кьыщоуш: дауэ си бжьыгъэ апхуэдэу машІэ (мелуанищ - мелуаниплІ а зэманым) шэрджэсхэм я илъэс минитху тхыдэм кьриубыдэу я щхьэхуитыныгъэ зэрахьумэжьифар, хамэ кьарухэм зэрапэщІэтыфар?

А упщІэм и жэуапыр абы кьыщегъуэт шэрджэсхэм я гъэсэныгъэм, цІыху къэс мыхьэнэ щхьэхуэ зэраІэм, щхьэзакъуэ кьарумрэ зэфІэкІымрэ гулъытэ зэрыхуэщІыпхъэм, абыхэм кьыдэкІуэтей щІэблэр зэрыхуагъасэм.

Апхуэдэу Урюварт гу зэрыльитащи, шэрджэсхэм я дежкІэ сабийр лъэпкъ псом ейщІ икІи абы хьэлу хагъэльнухэр, кьехъулІэну фыгъэхэр псоми я зэхуэдэ Іуэхущ, кьызыхэкІа лъэпкъыр ар акъыл жан, шыІэныгъэ зыхэлъ, бэшэч, Іэрыхуэ хъуным хущІокъу. Шэрджэсхэм я хьэл-щэнхэм, я гъэсэныгъэм зэриткъэжъуам тепсэлъыхьырэ, ар мыпхуэдэ гупсысэм хуокІуэ: «ЦІыхуу дунейм тетым щхьэкІэ сэбэныгъэ зыхэлъ Іуэхугъэ щхьэхуэхэр Кавказ щыналъэм кьыщыбгъэзытыфынущ».

Урюварт зэрыжиІэмкІэ, шэрджэсхэм я лъэпкъ зэхэщакІым, я щыналъэм хуаІэ лъагъуныгъэм зригъэужьын папщІэ абы лъэпкъыр зэкъуэт зыщІын дамыгъэ, ныпе нэщэнэ гуэр кьахуигупсысыну мурад ищІащ.

Апхуэдэу кьыхэпхъэ хъуа ныпым и фэр абы удзыфэу кьыхихащ: «Сэ кьыхэсхащ абыхэм я бгьхэр зыхуапэ икІи я диныр къэзыгъэлъагъуэ плъыфэр. Абы сэ тесщІыхьащ вагъуэхэу зэхэт, тажьр зи кьэухь шабзэ зэблэдзахэр, жэщ зыгъэпсэхугъуэм деж я хуитныгъэр кьэзыгъэщІа Тхъэм и зэфІэкІхэмрэ уафэгум и щІыхьымрэ ирагъэпщэн хуэдэу».

Шэн хэлъкъым Урюварт Дэвид политикэ мурадхэри зэриІам. А зэманым шэрджэсхэм я Іуэху еплъыкІэр, я щытыкІэр, абыхэм я къэкІуэнур Урысей, Уэсмэн, Инджылыз къэралыгъэшхуэхэм куэдкІэ зэрельытар абы щыкфІэгъэщІэгъуэну щытари нэрылъагъуэ. Тхыдэ и лъэныкъуэкІэ адыгэхэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а зэманым кьыгъэуява кьалэнхэм хэкІыпІэ кьыхуалъыхьуэурэ, езыхэм я щхьэ Іуэху зезыхуэж хамэ кьарухэри хэлъжьыхьуэрэ, унафэ мытыншхэр, зэхэзэрыхьахэр, ауэ щыхъукІэ лъэпкъ псом и къэкІуэнур адэкІэ зыубзыхуахэр кьащтауэ щытащ. Ауэ дапхуэдэу хъуми, Урюварт Дэвид шэрджэсхэм ятеухуауэ жиІа псалъэхэр, лъэпкъ дамыгъэу нобэ кьаГъэсэбэп ныпым и тхыдэм хуиІэ хэлъхьэныгъэр икъуКІэ щхьэгъуэнщ, псом хуэмыдэу адыгэ ныпым и махуэр щагъэльапІэм ирихьэлІэу.

МЭРЕМЫКЪУЭ Эллеонорэ, *филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат.*

• Щыуэпс

Губгъуэжьыхапхъэр гъэкІуэдыгъуейщ

ЦІыху куэд зыгъэсымаджэ губгъуэжьыхапхъэр (амброзиер) Америкэ Ищхьэрэм нащэгъэбагъуэ (клевер) жыпэм хэлъу Европэм къагъэІэпэхьуа хъуащ 1873 гъэм. Удзым псынщІэ дыдэу зиубгъуу, и зэранышхуи цІыхум къекІыу кьыщІэкІащ.

ГУБГЪУЭЖЬЫХАПХЪЭР щыкуэдщ Европэми, Америкэ Ищэми Ищхьэрэми, Африкэ Ищхьэрэми, Азиеми. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы адэкІи зиубгъунущ.

Урысейм губгъуэжьыхапхъэр ящыщыщагъэтэр 1918 гъэращ, Ставрополь пэмыжьжьэу, Владикавказ - ТІуапсы гъущІ гъуэгу зэбгрыкІыпІэм хуэзэу. ИтІанэ ар кІуэтащ Краснодар краймрэ, Ростов областым щынэсар 1950 гъэхэращ. Дунейр нэхъ хуабэ зэрыхъым кьыхэкІыу, ар Урысей Федерацэм и ищхьэрэ щыналъэхэм мэкІуатэ.

Губгъуэжьыхапхъэр щыхумкІи кьэкІыгъэхэмкІи зэранщ. ЩІы щхьэфэм зэрыщыізэбгрыжьмэ хуэдэу, и лъэхъщыми псынщІэу зеуэкъуэдий, губгъуэжьыхапхъэ килограммыр зыхуэй хуэзэн, мыгъужьын папщІэ, псы литр 948-рэ зыщІеф. Гуэдзым, псалъэм папщІэ, тІыкІэ нэхъ мащІэщ зыщІишэр. КьищынэмыщІауэ, абы щым куэду кьыхех азотымрэ фосфорымрэ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, адрей кьэкІыгъэхэм зэрызауэжьын псырэ щыгъэпщэрэ кьэхуигъэнэжьрхьым.

Губгъуэжьыхапхъэм губгъуэр зэщІищтамэ, мэкъумэш техникэр тэмэму лжьхьэжьфыркьым, гъавэр и чэзум іуахьыжьфыркьым, мэкъупІэм нэсамэ, Іэщым ишхын удз кьиГъэкІыркъым. А къэкІыгъэм игъэсымаджэ щыхуэм и лъэр щІех: и нэпсыр кьыщІэжу, и нэм шын щІищІэу, тэмэму имыльагъужу мэхъу, тхьэмбылыр игъэбгъэу щыхуэр кьащыхуэмыдэли щыІащ.

Дызытепсэльыхь удз лІэужьыгъуэр апхуэдизкІэ «бынифІэщи», ульэщІэмыхьэу мэбагъуэ. Зы удз жэпкъым и гъужьигъуэм жылэ мин 40-м нэс кьыполъэлъри, щым хокІэ. КъыкІэлъыкІуэ гъатхэм а псори мэгъагъэ. КьыхэзгъэщІпхъэщ, сыт хуэдизрэ ар шэмэджкІэ иумыхьми, губгъуэжьыхапхъэр зэрымыкІуэдыр, уеблэмэ итхьэу щІыпхьжьы 5 - 15 зэриутІыпщІри. Ар нэхъыбэу щытыагъэр накъыгъэ - мэкъуаугъэу мазэхэрщ, ауэ ди щІыналъэм щыпсэухэм я аллергиер кьыщыхьейр шыщхьэуІу - жэпэгъуэу мазэхэрщ.

АтІэ, дауэ губгъуэжьыхапхъэм узэрыпэщІэтынур?

Іэмалиц иІэщ абы: мэкъумэш, химие, биологие.

МэкъумэшэжьІэу хэпсэр лІэужьыгъуэкІэ зэкІэлъыбгъакІуэмэ, щІэныгъэм зэрыжиІэр бгъэзащІэкІэ, Іуэхур еГъэпсынщІэ. Псом япэрауэ, зы гъэм хэпса кьэкІыгъэр, етІуанэми абдеж дыдэм щцыхпсэж хъунукъым. Мэкъумэш лжьхьэгъэм епха щІэныгъэлІхэм зэрызэхагъэщцхьэхуКІа хабзэм тету зэблэхуэн хуейщ жылэхэр. Хадэм кьыщыкІа губгъуэжьыхапхъэм и лъэхъыщр зэригъусэу кьыхэчын хуейщ, армыхьумэ, зэрыжьитІащ, пыбутщІыкІу кьэзыри мэбагъуэ. КьищынэмыщІауэ, УФ-м щагъэбелджылэ гын зыбжанэ щыІэщ, а удзыр ирагъэкІуэду.

Ещанэ Іэмалыр - губгъуэжьыхапхъэр щыкІ щІыпІэм удз Іуэ зэмылІэужьыгъуэхэр, джэш, хьэ, гуэдз, кьинэмыщІкІэр щыхасэ. «Амброзиевый листоед» жиІэу щыІэщхьэпІащІэ лІэужьыгъуэ, аудэым фІэкІа имышхьы. А псори зы пщІыкІэ, зэкІэлъхьэужьу губгъуэжьыхапхъэм «еуэзм», илъэситІ-щым кьэриубыдэу пхуэгъэкІуэдыну аращ.

КьыхэгъэщІпхъэщ мы удзыжьыр гъэкІуэдыныр щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм, мэкъумэш Іуэхущ Іаіэхэм я учэщІхэм, щІыр бдджэнду эыІыгъэхэм, учэгуэхэм я кьалэну зэрыщцытыр. «О карантине растений» жиІэу УФ-м 2014 гъэм Хабзэ кьыщащтащ. Абы и 32-нэ Іыхьэм щыгъэбелджылащ мы удзыр гъэкІуэдыным хуэгъэзащэу зи кьалэнхэр зымыгъэзащІэм ахъшэу ирагъэшлыну: унагъуэхэм - сом 300 - 500, КьулыкъущІэхэм - 500 - 1000, Іуэхущ Іаіпі зиІэхэм - 5000 - 10000.

ФЫРЭ Анфисэ.

• Махуэгъэпс

МэзгъэфІэнхэм я лъэ макъ

ЩІыуэпсым щхьэхуэу яхьумэ и щыпІэхэм (ООПТ-хэр - Особо охраняемые природные территории) гулъытэ хэха хуэщІыным теухуауэ ирагъэкІуэкІ «МэзгъэфІэнхэм я лъэ макъ» («Марш парков») Іуэхугъуэхэр мы гъэм мэлыжьыхьым и 20-м щыщІэдзауэ и 26 пщІондэ ЩІы хъурейм тет къэралхэм ящыщу 200-м щІигъум щокІуэкІ.

ЗИ ГУГЪУ тщІы махуэхэм кьриубыдэу, мэзгъэфІэнхэмрэ паркхэмрэ цІыкІухэр щызэхэщаншэ, жыгыщІэхэр щагъэтІыс, кІэрыхьубжьэрыухэр щызэхахьэс, псынащхьэхэр щагъэсэпэщ. А Іуэхугъуэхэм я мыхьэнэр, сыт хуэдэ хэку емыкьэлІами, зыкъуэкІжьыр зыщ: властыр, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр, хьэрычтыщІэхэр, ЩІым цІыхуу тетыр «ЩІыуэпсым хэхуэу яхьумэ и щыпІэхэм» гулъытэ хэхуэу зэрыхуэщІыпхъэм, дыкъэзыуэхуреихь дунейм зэрыхуэсакъыпхъэм кьыхуеджэнырщ, я гупсысэр тешэнырщ, щыІэпІэ пхыдзахэр зи хэщІапІэ хьэкІэжхъуэкІэхэр, кьэкІыгъэхэр щыкІэ гугъу зэрируам жылагъуэр щыгъэгъуэзэнырщ, щыІуэпсыр хъумэн зэрыхуейм кьытщІэхъуэ щІэблэр хуэущиныщ.

«МэзгъэфІэнхэм я лъэмакъ» зыфІаща япэ щыхьэхуэ 1990 гъэм США-м щызэхащат. Илъэс бжьыгъэ дэкІри, 1995 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир кьыІэрыхьащ БРИКС-м и зэхьыхьэм зэрыгъэблагъэ тхьылъыр. Къэралым и Іэтащхьэм и пресс-Іуэхущ Іаіэм и унафэщІ Песков Дмитрий зэрыжиІамкІэ, Урысейм дежкІэ а зэгуэхэныгъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ икІи ар гулъытэнщэу кьагъэнэнукъым.

«БРИКС-м и зэфІэкІым зэрыхэхъуэр зэманым кьиГъэльэгъуащ. Абы и лжьыгъэр зыІфІэгъэщІэгъуэн кьэралхэр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Аращи, унэтІыныгъэ куэдымкІэ иригъэкІуэкІ Іуэхуэхэм кьыпащэнщ. Урысейри зэгуэхэныгъэм и лжьыгъэм жыджэгуу адэкІи хэтынущ», - жиІащ абы.

Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, БРИКС-м хохьэ Бразилиер, Урысейр, Индиер, Китайр, Африкэ Ищхьэрэ. Зэгуэхэныгъэм хэт къэралхэм щыпсэу цІыхухэм я бжьыгъэр, псори зэхэту, меларди 3-м щІегъу, ар ЩІы хъурейм щыпсэухэм я процент 40-м щхьэдох.

БРИКС-м хьихьэну хуейщ Ираныр, Аргентинэр, Алжиры-р.

«Лъэпкъ парксэмрэ мэзкъуэдыхэмрэ» я махуэхэри я кьунэхуащ.

Урысей Федерацэм «МэзгъэфІэнхэм я лъэ макъыр» кьыщысар 1996 гъэращ. «ЩІыуІэ зыльэмыІэса щІыуэпсыр хъумэнымкІэ центр» псапашІэ фондым и жэрдэмкІэ. Иджы ар ди кэралым щызэдагъэльэпІэ ЩІыуэпсым хэхуэу яхьумэ и щІыпІэхэм, дыкъэзыуэхуреихь дунейм кІэлъыплъынымкІэ и Іуэхущ Іаіэм («Росприроднадзор»), ЩІыпІэ пхыдзахэмрэ абыхэм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэнымкІэ центрым, зэрыщцыту къатщтэмэ, жылагъэм.

Мы зэманым УФ-м «ЩІыуэпсым хэхуэу яхьумэ и щІыпІэу» 100-м щІигъу иІэщ. Абыхэм я Іыхьэ щаназ ЮНЕСКО-м и биосфернэ хъумалъэу кьалъытэ икІи дыкъэзыуэхуреихь дунейм и хъугъуэфІыгъуэ нэхъ лъэщхэм хабжэ.

Дыкъэзыуэхуреихь дунейм и щытыкІэр зэтеІыгъэныжьмкІэ цІыхум я дэІэпыкъуэгъу нэхъыщхьэ - езы щІыуэпсым хэгъэщхьэхуКІа и экосистемэхэращ, е нэгъуэщІу жьІэмэ, пкъынэ-пкъынэу щызэрыубыда и Іыхьэ щхьэхэращ.

Аращ, ООН-м и жэрдэмкІэ, 2021 гъэм кьыщыщІэдзауэ 2030 гъэм нэсыху кьриубыдэ илъэсипщІыр экосистемэхэр (мэзхэри, губгъуэхэри, псыпцІэхэри хэту) зэтегъэувэжьыным щІыхухахар.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

БРИКС-м и зэІущІэм зыхуагъэхьэзыр

БРИКС-м и зи чэзу зэхуэсыр мы гъэм Африкэ Ипщэм щызэхэтынущ. Абы хьихьэу зэІущІэу 100-м щІигъу ирагъэкІуэкІыну яубзыхуащ. Къэралхэм я лІыщхьэхэм я саммитыр щыщхьэпІу зыльэгъуэщ.

ІУЭХУГЪУЭ нэхъыщхьэу зэІущІэм къыщалэтынухэм ящыщщ БРИКС-мрэ Африкэмрэ я зэдзлэжьыныгъэхэр убзыхуныр, псом хуэмыдэу сату зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыныр.

«Украинэм щыІэ зэныкъуэкъуэр саммитым и лэжьыгъэм зэран хуэхъунукъым. ООН-м и дзІэпыкъуныгъэкІэ абы мамырыгъэр щытепщэ ящыжьын хуейщ», - къыхиригъащащ ЮАР-м хамэ къэрал ІуэхуэхэмкІэ и министр Суклад Анил.

Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэр я лъабжьэу

Къэзахъстанам мы гъэм ТекІуэныгъэм и парад щрагъэкІуэкІынукъым, республикэм и правительствэм абы япэ игъэщІэнхэр къыпхэнэжьэ зэрызыхуигъэувыжам къыжьІэу.

«2023 гъэм парадыр едгъэкІуэкІыну ди мурадкъым, бюджет мылъкур зэрызэпэлъытар, апхуэдизуи Іэмал имыІэу зэфІэтхын хуей Іуэху нэхъыщхьэхэр къызэрыгъэпэщылъыр и щхьэусыгъуэу. Апхуэдизу мыхьэнэшхуэ зэтыпхъэ ди пщэрылъхэм ящыщщ Къэзахъстанам Іэщэкіэ зэщІэзэуэда и къарухэр нэхъри гъэлъэщэныр, щыналъэм и дзэ нэхъыщхьэр сыт хуэдэ кьиззэрымыкІуэ Іуэхуми икІэщІпІэкІэ зэрыгъэпэджэжьыным хуэгъэпсауэ гъэхьэзырыныр», - щыжаІащ республикэм зыхьымжьынымкІэ и министерствэм.

Бедомствэм и пресс-Іуэхущ Іаіэм кьиззэрыщыхагъэщамкІэ, Хэку зауэшхуэм хэкІуэда я лъэпкъэгъуэм я фэеплъыр зэрахъумэным, щІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным теухуа лжьыгъэ щхьэхуэхэр ирагъэкІуэкІ.

Ижьрей илъэсхэм Къэзахъстанам ТекІуэныгъэм и парадыр щызэхтар 2019 гъэрщ. КъыкІэлъыкІуэ илъэситІым коронавирус уэыфэ зэрыщІалІэм и зэранкІэ ирагъэкІуэкІакъым, нэгъабэ абы трагъэкІуэдэн мылъкур я бюджетым къахухэгъэкІакъым.

Мэлыжьыхьым и 25, *гъубж*

♦Адыгэ ныпым и махуэщ
♦Техьэгъуэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ
♦ДНК-м и дунейпсо махуэщ
♦1920 гъэм Налшык ящэ медициныр Іуэхущ Іаіпі я кьыщызэІуэхащ.
♦1913 гъэм кьалъхуащ АР-м и щыхуэб тхакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ **Льостэн Исуф.**
♦1944 гъэм кьалъхуащ пшынауэ Іэзэ, КъБР-м и щІыхь зиІэ и артист **Къуэдз Іэбубэчыр.**
♦1953 гъэм кьалъхуащ КъШР-м щІыхь зиІэ и артистэ, КъБР-м и щІыхь зиІэ и артистэ **Щэрмэт Людмилэ.**
♦1954 гъэм кьалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, къэрал лжьакІуэ **Льхьэгъэпсо Сэфарбий.**

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаеу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 10 - 12 щыхьнущ.

Мэлыжьыхьым и 26, *бэрэжьей*

♦Радиацэ кьэхъуакъащІэхэм я зэранкІэ дунейм ехыжахэм я фэеплъ махуэщ
♦ЩІыуэ акъылым кьилэжьа мылъкум и дунейпсо махуэщ
♦1952 гъэм Мэлбахъуэ Тимбэрэ Къэбэрдей АССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэщІу хахащ.
♦1958 гъэм кьалъхуащ АР-м и политикэ лжьакІуэ, театрыдж, журналист, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лжьакІуэ **Щхьэлахъуэ Светланэ.**

Дунейм и щытыкІэнур
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх кьыщецухынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 8 - 10 щыхьнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.**

• Дэ къытхуатх

Адыгэбзэм и быдапІэ

Дызэрыт илъэсыр Урысей Федерацэм бзэм и гъэу щагъэуваща. Абы кьриубыдэу ди республикэм щекІуэкІ Іуэхугъуэхэм ящыщщ зэщІэлъхьбзэм и пщІэр жылагъуэм кьыщыІэтыным, ар хъумэным хуэгъэзэа лжьыгъэ щхьэпэхэр. Мы дуней псом тету кьыщІэкІынкъым дыкъэзыльхуа анэр кьыззэрыдэІущэща бзэм нэхърэ нэхъ лъапІэ.

ХЭТ И ДЕЖКІИ гурыІуэгъуэщ сабийр бзэ куэд ищІзу кьэтэрджмэ, абы и кьэухьхыр нэхъ къулей зэрыхъур. АтІэмии, анэм зэрыщцигъэдзыри узыхуиущийри цІыхугъэщ, дахагъэщ, гуапагъэщ, гупсысэщ, щІэныгъэщ. Лъэпкъым и кьэкІуэнур фІы хъуныр зэлъытар абы и анэдэлъхубзэм хуищІ пщІэр арауэ щыщыткІэ, кьытщІэхъуэ щІэблэм ар яІащІэмыхуу, адэкІэ иратъэфІакІуэу, ди япэ ита нэхъыжьыфІхэм, адэжьым кьыхтуагъэна фІы-гъуэхэм, лъапІэныгъэхэм зедгъэужьу, абыхэм хэдгъахъуэу гъащІэм дыхэтыныр дэтхэнэми ди пщэрылъщ. А Іуэхум гулъытэ хуащІын хуейщ адэ-анэми, къэрал Іэнатіэхэм пэрытхэу бзэм и Іуэхур зи пщэ дахъуэу КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и Іэщіа-гъэлІэхэм, лъэпкъ жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм я пашэхэмэ, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэмэ, щэнгъасэмкІэ, психологиемкІэ, цІыхум и Іэпкъльэпкъым зезыгъэузэщІ щІэныгъэмкІэ и институтым и лэжьакІуэхэмэ. А кьалэн лъапІэу цІыпІэ псом мыхьэнэшхуэ зиІэм гулъытэ нэхъыбэ хуэзышІыр, сэ кьызэрыслъытэмкІэ, сабий садхэм я гъэсакІуэхэращ, курыт школхэм анэдэлъхубзэр щезыгъэджэхэращ.

Дляпэ ита нэхъыжьыфІхэм кьытхуагъэнауэ псалъэжь купщафІэ куэд диІэщ. Дызытепсэльыхь Іуэхугъуэм теухуауэ жыпІэмэ, апхуэдизкІэ я щапхъэщ «Чы щыкІэ кьыумыгъэшар бжьгъу хуэда нэужькІэ кьыпхуэгъэшынукъым». А гупсысэм дытету дэтхэнэ зыри дыбгъэдыхьэн хуейуэ кьыщІэкІынщ, пщэдей-рей махуэм «адыгэ» зэрыпхъыцІэ диІзу дыхэтыну дыхуеймэ, анэдэлъхубзэр тІурылъу, хабзэр зетхъэу дыпсэуныр псоми хьэхъыу тпхьикІарэ кьабыл тщыхъуауэ щытын зэрыхуейм.

Нобэ дызытет зэманым адыгэ сабийуэ кьытхуалъхур (Тхъэм долъэІу нэхъыбжж тхуищІыну) кьанэшхуэ щымыІэу ильэситІ ныбжьым иту, гупсысэнымрэ адыгэбзэмрэ иджыри хуэмышэрыуэу, сабий садым идотри, махуэ псокІэ абы щыІэщ, я ныбжьыр ильэсих-блым нэсыху. Махуэ кьэс абы дошэ, пщыхьэщхьэм унэм кьыдошэж. Садым щыІэ сабийм адыгэбзэкІэ зэрыдзлажьэр тхьэмахуэм кьриубыдэу дакъикъэ 15 - 20 кьудейщ. Пщыхьэщхьэм унэм кьашэжа сабийр сыхьэт е сыхьэтитІ нэхъ дэмыкІыу яГъэжеижри, нэху кьеКІа а щыкІур адэ-анэм епІэщІэкІыу садым яшэ. Зэрыхъур араущи, сабийм и тхьэкІымэм адыгэбзэгр махуэ кьэс сыхьэтсыхьэтитІ фІэкІа кьиІуэркъым. Садым щыІэ сабийм тхьэмахуэм кьриубыдэу адыгэбзэмкІэ зы дерс закъуэ яІэу аращи, а дакъикъэ бжьыгъэм фІэкІа адыгэбзэр зэкихьыркъым.

Апхуэдэурэ сабийр садым илъэситхукІэ «щыдогъасэри», илъэсиблым иту шюлым щыдогъэтІысхьэ. Абыи тхьэмахуэм адыгэбзэмкІэ сыхьэтищ кьудейкІэ фІэкІа егъэджакІуэр сабийм кьащыдалажьэркъым. Псори зэхэту кьапщтэмэ, тхьэмахуэм кьриубыдэу ар и тхьэкІымэм зэрыІуэр сыхьэтитІрэ дакъикъэ тІощІрэ хъууэ аращ. Сабий гъэсапІэм тхьэмахуэм хуэзэу дакъикъэ бжьыгъэкІэ фІэкІа анэбзэр щызэхэзымыха, унэми абыкІэ гулъытэ щызымыгъуэта, школми сыхьэтитІым щІигъукІэ фІэкІа анэдэлъхубзэр щызымыдж ныбжьыщІэм дэнэ адыгэбзэ щызэригъэщІэнур? Абы телефонымрэ интернетымрэ кьыхохьэжри, уи гур ящІэмыгъуэ кьанэрхъым ди сабийхэм. Анэдэлъхубзэр зэрадж тхьилъэ кьапщтэрэ абы ебгъадэжу, кьыупщытэу щІэбдзэмэ, я нэпсыр кьожэх, кьатохьэлъэ...

КЪБР-м и Парламентым адыгэбзэр къэралбзэу зэрыщытымкІэ унафэ кьыщицтакІэ, зыгуэрми дигъэкъуэнщэфыну кьыщІэкІынкъым, сабий садхэм адыгэбзэмкІэ щыІэ программэр нэхъ купщафІэ, нэхъ убгъуа тщІымэ, зэман хуэхахами хагъахъуэмэ. Апхуэдэу тщІамэ, школым кІуэ сабийм анэдэлъхубзэр хуиту Іуры-лъынтэкъэ?

АдэкІэ еджапІэм щыпащэнт ныбжьыщІэхэм лъэпкъ щІэныгъэ егъэгъуэтыным. Бзэм и хабзэхэмрэ литературэм и теориемрэ ядэщІыгъуу адыгэ хабзэм, нэмысым, адыгагъэм и купщІэм, лъэпкъым и тхыдэм щІэблэр щыгъуэзэ хуэхъунт.

Бзэр хъумэным ехьэлІауэ, пэжщ, ди щІыналъэм ІуэхугъуэфІ куэди щокІуэкІ. Абыхэм ящыщщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьауэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Адыгэпсо диктант лъэпкъым и щІыхуэм зэрыштхыр. Ар Іуэху щхьэпэ дыдэщ. Мы-гъэрейми щІыху куэд хэтащ. Абы и мурад нэхъыщхьэр адыгэбзэм и пщІэр къэІэтыныращ, лъэпкъым анэдэлъхубзэкІэ бгъэдэль щІэныгъэр адэкІи егъэфІэкІуэнщ, щэнхабзэр хъумэныщ.

А Іуэхугъуэ закъуэм дежкІ къыщымыувыІауэ, хьуну пІэрэт, ярэби, ди республикэм Анэдэлъхубзэм и илъэс щагъэуврэ, бзэр щІэблэм егъэджныр зи пщэрылъ Іэщіагъэлі псори зэдзэпыкъуурэ сабий садхэм папщІэ адыгэбзэкІэ программэ купщІафІэ хузэхалъхьамэ. Апхуэдэуи щколхэми анэдэлъхубзэм щыхухах сыхьэт бжьыгъэ нэхъыбэ хуащІамэ, лжьыгъэр жэуапльныгъэ пылъу зэрырахьэкІри нэхъ щІэх-щІэхэщу кьапщытэу щытамэ, ди Іуэхур нэхъ тэмэм хъуну кьыщІэкІынт.

Иджы гу зылъыстараци, кьалэм щапІ, кьалэ садхэмрэ щколхэмрэ екІуалІэ сабийхэм я закъуэкъым анэдэлъхубзэр зыІэщІэхур. Кьуажжэхэм кьыщытщІэхъуэ щІэблэри зэрызэпсалъэр урысыбзэщ. Апхуэдэу фІэкІа адыгэбзэм и Іуэхур кьытфІэмыІуэхумэ, дяпэ зы ильэс 20 - 50-кІэ Адыгэ диктант зыхуэтхын димыІэжу дрихьэлІэныр щынагъэщ.

Чымрэ бжэгъумрэ я Іуэхум дыхуэмыкІуэн щхьэкІэ анэдэлъхубзэм и быдапІэу, псом япэрауэ, унагъуэр, абы и нэхъыжьхэр, адэ-анэхэр зэрыщытыр зыщыдгъэгъупщэ хьунукъым. Апхуэдэуи а быдапІэр хъумэным хэлъхьэныгъэ ин сабий садым зэрыхуищІри кьыдгурыІуэн хуейщ.

Маржэ хъужьыхэнхэ! Адэ-анэхэри, егъэджакІуэхэри, сабий садым щыІэ Іуэхугъуэхэри, егъэджэныгъэмкІэ къэрал Іэнатіэхэм, ДАХ-м я ІэщіагъэлІхэри - псори дызэгъусэу дегупсысыж, хэкІыпІи кьыхуэдгъэтын хуейщ адыгэбзэр зэрыт щытыкІэ щынагъуэм кьишыным. Лъэпкъпсо мыхьэнэ зиІэ а Іуэхум кууэу дегупсысауэ, гурэ псэкІэ зэрыдгъэзэщІэным иужь диштэт.

ХЬЭЩІЭЛІ Алий,
лэжьыгъэм и ветеран, Ветеринариемкіэ Лэскэн район центрым и ветеринар-эпизоотолог.

• КъБР-м и Прокуратурэм

ЛъэІу тхылъхэр къыІахащ

Республикэм и прокурор Хабаров Николайрэ Сабийм и хуитыныгъэхэр уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ Лъынэ Светланэрэ зэщІыгъуу цІыхухэм щаІущІащ балигъ мыхъуахэм папщІэ республикэм щылажьэ «Нэмыс» социально-реабилитацэ центрым.

КЪЕКІУЭЛІА цІыху 17-м яхэтт щытыкІэ гугъуэм кьихуэта ныбжьыщІэхэр, абыхэм я адэ-анэхэр, зрашэлІауэ сабий зыпІэхэр, нэгъуэщІхэри.

ЦІыхухэм зыкъыхуагъэзащ сабийхэр я нэІэм щІэгъэувэным, бын куэд зиІэ унагъуэхэм я псэупІэр ирагъэфІэкІуэныжьмкІэ зыкъыщІагъэкъуэным, балигъ мыхъуахэм къэралыр зэрадзІэпыкъу социальнэ пособиехэр зэрыщытыр, алимент щІыхуэ зытелъхэм егъэпшыныным ехьэлІа Іуэхуэхмкіэ, нэгъуэщІхэмкІи. Абыхэм я лъэІу тхылъхэр кьыІахащ икІи хэплъэну кьалэн щащІащ республикэ прокурорым и кьуэдзхэхэм, а унэтІныгъэхэр зи лжьыгъэм хиубыдэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм. Республикэ прокурорым а псоми и нэІэ тетынущ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Ахъшэр пшахъуэщи, гъащІэр пщІащхъуэщ.

● ДифI догъэлъапIэ

Насыпыр Iыхьэ мыгуэщ

Артисткэ Щэрмэт Людмилэ нобэ къыщалъхуа махуэщ

***Илъэс 48-рэ хъуауэ театр гъэзэджэм пэжкIэ къулыкъу хуэзышIэ артистхэ эмылэшыжщ Щэрмэт Людмилэ Сулътан и пхъыр. А зэманым къриубыдэу абы игъэзэщIащ роли 100-м щIигъу, зым нэхъ рэ адрейр нэхъ гукъинэжу, цIыхухэр хьэщыкъ ищIауэ. И IэщIагъэм зэрыхуэIэижьым и мызакъуэу, Людмилэ гуп хэтыкIэ зыщIэ цIыху гуапэщ, хьэпэлщ, лъэпкъ Iуэхум гудзакъэ хуэзиIэ бзылъхугъэ щыпкъэщ. Къыздэлажьэхэми и ныбжьэгъухэми ящIэ ар зэрыгупщанэр, и Iэр къызыпекIуэкI сыт хуэдэ IуэхукIи зыкъыпщIигъэкъуэну зэрыльэзэгырыр, «Хьэуэ», «Хьунукъыим» псалъэхэр абы къызэримыгъэсэбэпыр. Цыхуэ къызэрыгуэкI, ауэ зэчий ин зыбгъэдэлъ Щэрмэт Людмилэ и джэгукIэм кIэльыплъыну Iэмал зиIа псори щыхьэт техъуэфынущ ар сыт хуэдэ ролми зэхуэдэу фIыуэ зэрыпэлъэщым. Образ зэмылIэужьыгъуэхэр гъэщIэгъуэныщэу утыкум щыдегъэльагъу Людмилэ, псом хуэмыдэу фIы дыдэу къехъулIэу къызолъытэ гушыIэр.**

хуейт артисткэр. Зи къеклуэкIыкIар гуауэу, гугъуу зэхэлъ цIыхубзым и ролыр игъэзэщIакъым иужь зэманхэм зыIэпешэ ар.

- «Уджэгуну зэрынэхъ тыншракъым, атIэ цIыху щхьэхуэм и гум щигъэв гурыгъуу гурыщIэхэр театрепIхэм я деж нэсхьэсыну сызэрыуейрщ. Дунейр хужь-фIыцIэу зэхэлъ къудейкъым. А гупсысэр хьэкъ пщохъу уи ныбжьыр нэхъ щыкIуатэм, образыр куууэ зэпкърыхуэцI щыхьым деж, упщIэ куэдым я жэуап къзбгъуэтыфу уджэгуныр уи псэм кьилъхьуэ хъуа иужь. Къапщтэмэ, сфIэфIщ гъведиемрэ комедиемрэ щызэхэхуэгъэ ролхэр згъэзэщIэн. Ауэ сытми узыгъэдыхьэшх кьызэрыгуэкIуу гушыIэм е мыухэм нэпсым нэхъ рэ ар гъащIэм нэхъ пэгунэгъуу», - жеIэ Людмилэ. - Сэ хьэкъыу спхыкIащ ди гъащIэ псор зэрыстеатрыр, дызэрыкъэтIрыр. Сцен эм уэ-дзу сэ гъащIэм сыщыджэгуфынутэкъым, пцIым, бзэгу зехьэным, зэкIэлъымыкIуагъэм срабийщи. Сльагъу хъурхъым цIыху пцIыIупцIышэхр, фэрыщIхэр, пэжым и телъхьэ IейI гуэр кьыбжьэдэмыкIыу упсэуным нэхърэ нэхъ насып щыIэкъым.

Насыпыр къыздикIынур пщIэркъым, жаIэ. Адыгэ театрым и лэжьакIуэ пажэхэм зэрырихьэлIар Людмилэ насыпыхуэу къеплъыта. Ахэр зэхуэхьуар гъуэзджьэм хуаIэ лъагъуныгъэрт.

- Иджыпсту театрым и нэхъыжьхэмрэ кьищта ныбжьыщIэхэмрэ кьрыр зэрахъэгъэзынуу си фIэщ мэхъу, - кьыдогуашэ Iворыр зэрыгъэзынущ. Бзэр яIурыльщ, уадзлажьэн хуейуэ аркъудейщ. Москва театрэм я кьулеигъэр ямамэ, дыдейр, шэн хэмылъу, зы щIыхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

Акциисэр сценэм кьущихьэкIэ сыт зэгупсысыр? «ЯпэщыкIэкI согузавэ, театрепIхэм сайоупIэри, зызэтызоуIэфIэж (си унэжь сыщIэх хуэдэу). Кьызэрплъхэмрэ сэрэ дяку дэпъ зэпыщIэныгъэм гу зыщIхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

Акциисэр сценэм кьущихьэкIэ сыт зэгупсысыр? «ЯпэщыкIэ согузавэ, театрепIхэм сайоупIэри, зызэтызоуIэфIэж (си унэжь сыщIэх хуэдэу). Кьызэрплъхэмрэ сэрэ дяку дэпъ зэпыщIэныгъэм гу зыщIхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Моттаевэ Светланэ къызэрэлъхурэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъум трауху пшыхь.

● Щэнхабзэ

КУЭД щыгъуазэщ Моттаевэр бзэ зыбжанэзкIэ зэрытхэм, ар журналист Iэзэу, тхакIуэу, зэдзэкIакIуэу, литературэ критикыку зэрыщытым. Светланэ Урысейм и Журналистхэм, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэхэм, Журналистхэм я Дунейпсо федерацэм хэтщ.

Моттаевэм и Iэдакъэщ щIэх-щIэхыурэ кьытрадзэ республикэм кьыщдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ, ар телерадионэтынхэм кьыщагъэпсалъэ, жыпIэнэракъэ, республикэм и жылагъуэ-щэнхабзэ гъащIэм жыджэру хэтщ.

- Светланэ нэхъыфIу фэзгъэщIыхун папщIэ абы и гъащIэм щыщ Iыхьэ гуэрхэр ныжвесIэжьыну сыхуейт, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэпыщIэм и пэщIэдзэм. - Журналист Iэкlуэлъакlуэ, усакlуэ Iэзэ, цIыкуГъэ зыхэлъ Моттаевэ Светланэ ятIэнэрэ ныжьыщ икIи кьащIыхуу тхьIыпIэ фIыуэ зыльагъу, цIыкуГъэ зыхэлъ Моттаевэ Светланэ ятIэнэрэ ныжьыщ. Ауэ сытми узыгъэдыхьэшх кьызэрыгуэкIуу гушыIэм е мыухэм нэпсым нэхърэ ар гъащIэм нэхъ пэгунэгъуу», - жеIэ Людмилэ. - Сэ хьэкъыу спхыкIащ ди гъащIэ псор зэрыстеатрыр, дызэрыкъэтIрыр. Сценэм эм уэ-дзу сэ гъащIэм сыщыджэгуфынутэкъым, пцIым, бзэгу зехьэным, зэкIэлъымыкIуагъэм срабийщи. Сльагъу хъурхъым цIыху пцIыIупцIышэхр, фэрыщIхэр, пэжым и телъхьэ IейI гуэр кьыбжьэдэмыкIыу упсэуным нэхърэ нэхъ насып щыIэкъым.

Насыпыр къыздикIынур пщIэркъым, жаIэ. Адыгэ театрым и лэжьакIуэ пажэхэм зэрырихьэлIар Людмилэ насыпыхуэу къеплъыта. Ахэр зэхуэхьуар гъуэзджьэм хуаIэ лъагэуныгъэрт.

- Иджыпсту театрым и нэхъыжьхэмрэ кьищта ныбжьыщIэхэмрэ кьрыр зэрахъэгъэзынуу си фIэщ мэхъу, - кьыдогуашэ Iворыр зэрыгъэзынущ. Бзэр яIурыльщ, уадзлажьэн хуейуэ аркъудейщ. Москва театрэм я кьулеигъэр ямамэ, дыдейр, шэн хэмылъу, зы щIыхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

Акциисэр сценэм кьущихьэкIэ сыт зэгупсысыр? «ЯпэщыкIэ согузавэ, театрепIхэм сайоупIэри, зызэтызоуIэфIэж (си унэжь сыщIэх хуэдэу). Кьызэрплъхэмрэ сэрэ дяку дэпъ зэпыщIэныгъэм гу зыщIхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** зэпыщIэм и пэщIэдзэм. - Журналист Iэкlуэлъакlуэ, усакlуэ Iэзэ, цIыкуГъэ зыхэлъ Моттаевэ Светланэ ятIэнэрэ ныжьыщ икIи кьащIыхуу тхьIыпIэ фIыуэ зыльагъу, усакlуэ Iэзэ, цIыкуГъэ зыхэлъ Моттаевэ Светланэ ятIэнэрэ ныжьыщ. ИтIанэ Жэмтхьэлэ дэт школым и унафэщIым и кьуэдзэу, Шэрэдж щIыналъэм и лэжьакIуэ щIалэгъуэлэм я школым и унафэщIуэ щытащ. 1965 гъэм телевиденэм ирагъэблагъэри, щIалэгъуэлэ, сабий нэтынхэм я редактору лэжьащ. Абы яужь Моттаевэм и гуащIэ хилъхьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм. 2003 гъэм щыщIэдзауэ ар щолажьэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым.

● Футбол

Нэщэнэфl халъагъуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Форте» (Таганрог) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. Мэлыжьхьым и 22-м. ЦIыхуи 150-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Целовальников (Астрахань), Городовой, Пичугин (тIури Ставрополь щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Сиукаев, Далиев, Белоусов, Мэкъуауэ, Ольмезов, Топурие (ПIыхъугу, 78), Хьэшыр, Жангуразов (ХьэцIыкIу, 63), Дэхъу, Торосян (Масленников, 63), ПIуп.

«Форте»: Полянский, Мазэжь, Мачилов (Балаховов, 83), Горюшкин, Муслуев, Володкин (Коржунов, 90+2), Могилев (Юрин, 83), Карташов, Саадуев, Малыш (Романов, 83), Лаврищев.

Топхэр дагъэкIащ: Лаврищевым, 81 (0:1). Ольмезовым, 90+2 (1:1).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Мачиловым, Хьэшыровым, ХьэцIыкIум, Лаврищевым, Полянскэм, Саадуевым.

Джэгум кьыхахуащ: Саадуевыр (зэIуцIэ нэужьым).

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и ЯпэгупымI 2022 - 2023 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ IыхьэмI кьыхьэ ижь зэIуцIэр щэбэт кIуэм Налшык щызэхэтащ. Ди щIалэхэм кьрагъэблэгъат икъуэкIэ зыкъызэхьуэзыха Таганрог и «Форте»-р. ЖыпIэну ирикъунщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм зэкIуэным ипэ кьихуэу хьэщIэхэм зэкIэлъхьэжьу зэIуцIипплым текIуэныгъэхэр кьызэрыщаухьар кIи а лъэхъэнэм зэрыубыдэу топ дагъэкIаxэмрэ кьыхудагъэкIахэмрэ уэзрагъэгужьейр: 22-1!

Апхуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшык» и футболистхэр джэгуплI губгъуэм кьихьащ я пщIэр лъагэу яIыгъыжьну хущIэкъуу. Гурыгъуэгъуэ, ятIэ лигэм щIэбэныну командэ нэхъыфIихьэм ахэр зэрыхэзмыхуэжьнур, ауэ, гуупм щыпашэхэм ящыщ зым хуэфэщэну пэщIэтмэ, топдджэгум дихьахэхэм я гупэр нэхъ кьыхуагъэзэжьыным щыгугъырт. Ди жагъуэ зэрыхуэкIар гуауэу, гугъуу зэхэлъ цIыхубзым и ролыр игъэзэщIакъым иужь зэманхэм зыIэпешэ ар.

- «Уджэгуну зэрынэхъ тынш-ракъым, атIэ цIыху щхьэхуэм и гум щигъэв гурыгъуу гурыщIэхэр театрепIхэм я деж нэсхьэсыну сызэрыуейрщ. Дунейр хужь-фIыцIэу зэхэлъ къудейкъым. А гупсысэр хьэкъ пщохъу уи ныбжьыр нэхъ щыкIуатэм, образыр куууэ зэпкърыхуэцI щыхьым деж, упщIэ куэдым я жэуап къзбгъуэтыфу уджэгуныр уи псэм кьилъхьуэ хъуа иужь. Къапщтэмэ, сфIэфIщ гъведиемрэ комедиемрэ щызэхэхуэгъэ ролхэр згъэзэщIэн. Ауэ сытми узыгъэдыхьэшх кьызэрыгуэкIуу гушыIэм е мыухэм нэпсым нэхърэ ар гъащIэм нэхъ пэгунэгъуу», - жеIэ Людмилэ. - Сэ хьэкъыу спхыкIащ ди гъащIэ псор зэрыстеатрыр, дызэрыкъэтIрыр. Сценэм эм уэ-дзу сэ гъащIэм сыщыджэгуфынутэкъым, пцIым, бзэгу зехьэным, зэкIэлъымыкIуагъэм срабийщи. Сльагъу хъурхъым цIыху пцIыIупцIышэхр, фэрыщIхэр, пэжым и телъхьэ IейI гуэр кьыбжьэдэмыкIыу упсэуным нэхърэ нэхъ насып щыIэкъым.

Насыпыр къыздикIынур пщIэркъым, жаIэ. Адыгэ театрым и лэжьакIуэ пажэхэм зэрырихьэлIар Людмилэ насыпыхуэу къеплъыта. Ахэр зэхуэхьуар гъуэзджьэм хуаIэ лъагэуныгъэрт.

- Иджыпсту театрым и нэхъыжьхэмрэ кьищта ныбжьыщIэхэмрэ кьрыр зэрахъэгъэзынуу си фIэщ мэхъу, - кьыдогуашэ Iворыр зэрыгъэзынущ. Бзэр яIурыльщ, уадзлажьэн хуейуэ аркъудейщ. Москва театрэм я кьулеигъэр ямамэ, дыдейр, шэн хэмылъу, зы щIыхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

Акциисэр сценэм кьущихьэкIэ сыт зэгупсысыр? «ЯпэщыкIэ согузавэ, театрепIхэм сайоупIэри, зызэтызоуIэфIэж (си унэжь сыщIэх хуэдэу). Кьызэрплъхэмрэ сэрэ дяку дэпъ зэпыщIэныгъэм гу зыщIхьэкIэ нэхъ лъагэнут. Сыт щыгъуи Къэбэрдей театрым и пщIэр адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытащ, кьызэрызэгъэпэщын хуейр лэжьыгъэм я гур хуэзыгъэкъэбзэн Iэхъуджмкэшц.

рыхъущи, а махуэм стадионым къекIуэлIар зырызурэ кьыпхуэбжьынут - цIыхуи 150-м нызэрыхьэсу арат.

Иужьрей текIуэныгъэ лъэщхэм игъэгушхуэ «Форте»-м и футболистхэр зэпщIэу ипэкIэ кIуэтащ. Абыхэм я капитан Пащты Руслан и фэбжьхэр иджыри зэримыгъэхъужам кьыхэкIыу мы зэIуцIэм хэтыфакъым. АрщхьэкIэ нэгъуэщI ди лъахэгъу Машэжь Ратмир тIуми я лэжьыгъэр щIигъу кьырихьэлIащ. Ар кьыщыщIидзырт икIи зэгуэр кьыздэджэгуу щыта ди щIалэхэр хуабжьу гугъу иригъэхьырт.

Налшыкдзэхэри кьикIуэтынутэкъым. Абыхэми кьаруушхуэ трагъэкIуадэрт я ебгъэрыкIуэныгъэхэм.

Апхуэдэу щыт пэтми а джэгум и хьэлэмэтагъ пори я кьащIыхьуар кIэух дакъикъэращ. Адрей лъэхъэнэр зыщыщIэгъупщэжми хъунущ.

81-нэ дакъикъэм «Форте»-м и гуащIэхэтет Полянский Даниил топыр пэщыду кьыдихуащ. Абы пэмыплъа ди гъащIэхьэхуэмэхэм яIэщIэкIащ ар напIэзыпIэм зыIэрыхьа Лаврищев Дмитрий икIи бжыгъэр кьызэIуха хуащ.

Кьыпщыхьунут абдежым джэгур щыбгъэувыIэфыну. ФIэщщIыгъуеит хьэщIэхэм зи чэзу текIуэныгъэр зыIэщIагъэкIыну.

Налшыкдзэхэм къахуэнэжа къару псори зэщIагъэуIащ, щытыкIэр ягъэзэкIуэжьын папщIэ. Джэгум хуэхаха зэманыр иухыу судьям иджыри дакъикъыпII кьыщIигъуа нэужькIи, абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэр ягъэувыIакъым. ИкIи 92-нэ дакъикъэм я насып кьикIащ. Дахъу Ислъам Iэзэу кьыхита угловойм иужькIэ, гъуащхьауэхэм кьадэIэпыкъуну кьэкIуа Ольмезов Артур дахэ дыдэу бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ.

ТекIуэныгъэр зи Iэрылъхьэу кьэзэщIэрыта хьэщIэхэр абы кьигъэлIабащ. Абыхэм футбол хабзэр кьызэпауду, судьям хуэмыфащэ ирапэсу хуежьащ, зэIуцIэр зэриухами гу лъамытэу. Аращ кьызыхэкIар Саддуевыр джэгум кьыхахуу, щIалитI-щыми дагъуэ щIыхуащIар.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Форте»-мрэ щызэдджэгуа зэманым кьриубыдэу стадионым пшэ фIыцIэхэр кьыщхьэщыхьэри, уэ пIащэхэр хэлъу уэшхышхуэ кьыщешхащ. ЗэIуцIэм и кIэух дакъикъэхэм дыгъэ кьыкъуэжри, лэгъупныкъуэ кьахуокъуэпIыжащ. Ди командэм и кьэкIуэнум хуэгъэзауэ куэдым абы нэщэнэфI халъагъуэ. Ауэ ар кьыщыхьуфынур мы гъэракъым - налшыкдзэхэр зэкIэ урысей футболым и лъащIэ дыдэм кьыщынащ икIи адэкIэ нэхъыбэ дыдэу зыщIэбэныну етIуанэ лигэм и Япэ гупым и ебланэ уиныIэращ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщынщ иужьыгъэхэта зэIуцIэхэм хуэкIуа ежьыр бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Чайка**» (Песчанокопскэ) - **0:2**, «**Алания-2**» (Владикавказ) - «**Динамо**» (Ставрополь) - **0:2**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Мэшыкъуэ КМВ**» (Псыхуабэ) - **5:1**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - **СКА** (Дон Iус Ростов) - **2:0**, «**Дружба**» (Мейкьуапэ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **0:3**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр «Спартак-Налшыкым» Псыхуабэ щригъэкIуэжьыну. Мэлыжьхьым и 28-м ди щIалэхэр я хьэщIэнущ щIыпIэ «Мэшыкъуэ-КМВ»-м

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Ябэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Черноморец»	25	18	6	1	54-18	60
2.	«Чайка»	25	16	6	3	40-10	54
3.	«Ротор»	24	14	6	4	47-19	48
4.	«Форте»	25	12	8	5	52-22	44
5.	«Биолог-Новокубанск»	25	12	7	6	35-24	43
6.	«Кубань-Холдинг»	25	12	5	8	43-29	41
7.	«Дружба»	25	9	5	11	26-31	32
8.	«Спартак-Налшык»	24	8	7	9	34-29	31
9.	СКА	25	8	7	10	24-31	31
10.	«Динамо» Ст.	25	7	10	8	27-36	31
11.	«Легион»	25	7	6	14	29-41	27
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	25	5	6	14	26-45	21
13.	«Алания-2»	25	2	7	16	21-52	13
14.	«ЕсэнтIыгу»	23	1	2	20	7-78	5

● ДифI догъэлъапIэ

Насыпыр Iыхьэ мыгуэщ

Артисткэ Щэрмэт Людмилэ нобэ къыщалъхуа махуэщ

***Илъэс 48-рэ хъуауэ театр гъэзэджэм пэжкIэ къулыкъу хуэзышIэ артистхэ эмылэшыжщ Щэрмэт Людмилэ Сулътан и пхъыр. А зэманым къриубыдэу абы игъэзэщIащ роли 100-м щIигъу, зым нэхърэ адрейр нэхъ гукъинэжу, цIыхухэр хьэщыкъ ищIауэ. И Iэщ1агъэм зэрыхуэIэижьым и мызакъуэу, Людмилэ гуп хэтыкIэ зыщIэ цIыху гуапэщ, хьэпэлщ, лъэпкъ Iуэхум гудзакъэ хуэзиIэ бзылъхугъэ щыпкъэщ. Къыздэлажьэхэми и ныбжьэгъухэми ящIэ ар зэрыгупщанэр,**

IутIыж Борис и «Хьэпэщыпхэ» спектаклым Людмилэрэ КIарэ (Ампар) Ларисэрэ хэтщ. *2021 гъэ*

Кен Людвиг и тхыгъэм къытращIыкIа «Насыпыр хьэжьщ» спектаклым Къэбэрдей театрым и артисткэхэр щоджэгу. *2015 гъэ*

● УФСБ-м къет

Сом мелуан 30-м щIигъу

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм экономикэм пыщIа щIэныгъэ джагъэжьмэ пэщIэтынымкIэ Iэхъухэр щрагъэкIуэкIым къыщIагъэщащ коммерческэ Iэхъущ1аIэхэм я зым и унафэщIыр бюджет ахъшэшхуэ зыкIэщIэупщIэным зэрыпыщIар.

2022 гъэм и бадзэуэгъуэмрэ шыщхьэуIумрэ къриубыдэу республикэм щыпсэу цIыхуи 156-р Iэнатlэ Iута хуэдэу хьыбар нэпцIхэр Урысей ФНС-м и управленэу КъБР-м щыIэм Iэригъэхьэри, Iэкъакъуэкэр социальнэ дэIуныным хуэунэтIауэ къаралым кьутIыпщ ахъшэр иратащ. Абы кьрикIуащ хэщIыныгъэу сом мелуан 30-м щIигъу.

УФ-м и УК-м и 159.2 статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхьаджагъэм хуэдэ зэрилэжьамкIэ уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. Ар илъэси 10-кIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

Экстремист Iуэхум пыщIат

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм къулыкъу щызыщIэхэм экстремизмэм пэщIэтынымкIэ Iэхъухэр щрагъэкIуэкIым къызэпаудащ республикэм щыпсэу, илъэс 22-рэ зи ныбжь Арэ Э. М. илэжь щIэпхьаджагъэр. Абы социальнэ сетхэм я зым щIыхуэгъэ къыщыхуриджэрт экстремизмэм пыщIа хабзэншагъэ ялэжьыну.

ИПЩЭ щыIналъэ дзэ судым и унафэ кьару зыгуэтам ипкъ иткIэ, Арэм УФ-м и УК-м и 205.5-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 280-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхьаджагъэхэр илэжьауэ кьалъытащ. Абы тралъхьащ къэудыуэ сом мин 350-рэ ипшынычу, илъэси 2-кIэ электрон сайтхэм е къыбар-телекоммуникационнэ сетхэм, «Интернет» зэпыщIэныгъэри хьыхьэу, щылэжьэнуи хуиткъым.

Адыгэ Псалъэ газетыр Интернетым щыдэлъ адрес: www.adyge-psalje.com

● Таурыхъ

Къурумрэ бажэмрэ

Къурур бажэм и гъуащхьэм деж щетІысэхащ. Бажэр гъуэм къижащ.

- Къеблагъэ къру цыкІу, хьэщІэ утщІынщ.

- Уи еблагъ куэд ухьу, - жиІащ къурум.

- Нэгъабэ бжьыхьэ лъандэрэ услъэгъуакъым. Дэнэ ущыкІуздар?

- Гъуэгу сытетащ, - жиІащ къурум. - Хым адрыщІкІэ сыщыІащ.

- Хым адрыщІкІэ узыхьын акъыл уиІэ уэ? - игъэщІэгъащ бажэм.

- СиІэщ, - жиІащ къурум. - Хым адрыщІкІэ сызыжиІащ къурум, - хым сызэпрызыхьини сыкъызэпрызыхьыжьыни.

- Абы щыгъуэм, - жиІащ бажэм, - мы дунейр хъурейуэ къызэрыскІухьын акъыл сиІэ хъунщ сэ. Іэмалищэрэ зыгъэ зыщІэ бажэм и цІэ зэхэпхакъэ?

- Зэхэсхащ, - жиІащ къурум.

- Ар сэращ жыхуаІар: Іэмалищэрэ зыгъэ сощІэ сэ!

- И хъер улъагъу, - жиІащ къурум, зиплъыхьурэ.

- Щхьэ зыпплъыхьрэ? - гуэвващ бажэр.

- ЩакІуэр къокІуэ.

- Ёмынэм къихурэ! - жиІащ бажэм. - КъакІуэ, си гъуэм къипщхьэ: зыщхьэщыдгъэкІынщ.

Къурур бажэм и гъуэм ипщхьащ. ЩакІуэр къэсащ. Къурум и кІэр гъуэм къиищырти, щакІуэм иубыдащ.

- Бажэм и гъуэм щхьэ уипщхьэрэ, къру цыкІу? Дзыхь хуэпщІ хъурэ бажэм?

- Къурур бажэгъуэм кърилъэфри, зригъэтІылъэкІащ щакІуэм. Къурум лІа нэпцІ зищІащ. ЩакІуэр гъуэм иІэбэри, бажэри кърилъэфащ.

- КІэ бгъуэтащ, бажэ цыкІу! - жиІащ щакІуэм. - Уи фыгъэкІэ кърури къысІэрыхьащ.

ЩакІуэм зригъэззэкІри, къурур игъэтыжакъым: лІа нэпцІ зызыщІа къурур лъэтэжат.

- Къурум и акъыл мащІэри нэхъыфІти си Іэмалищэрэ зым нэхъ?! - жиІэри бажэр къэгъащ, щакІуэм къэпым щридзэм.

● ФщІэн папщІэ

Лэгъупыкъу

Абы йоджэ Александр и уафэ бзыгъэкІэ. А фІэщыгъэр пасэрей алыдж гупсысакІуэ Афродийский Александр и цІэм къытехъуакІыжащ. Ди эрэм и 200 гъэхэм ар ялэу лэгъупыкъуитІым я зэхуакум щыІпльагъу уафэ бзыгъэм тетхьхьауэ щытащ.

ЦыкІуэ, щыІэщ «мафІэ лэгъупыкъуКІэ» щІэнигъэлІкэр зэрдэкІ. Апхуэдэ лэгъупыкъу къыщыунэхум деж дыгъэм и нэхур зытридзэр уэшх ткІуэпсэркъым, атІэ мыл кристалл цыкІуэрщ. Нэхур телъыджэу тредзэри, теплъэ узытхьэкъу иІэ мэхъу лэгъупыкъуми. Пэжщ, апхуэдэм ущрихьэлІэр зззэмызэщ.

Къапщтэмэ, ди зэманым цІыхухэм зрагъэсащ Іэрыщ Іу лэгъупыкъу къагъэхъуу. Абы папщІэ, хьэуам псы хатутхэри, нэху трагъадзэ. Нэху трегъэдзэным Іэмал щхьэхуэ иІэжщ, щэху куэд хэлъу. Ар бгъэзэщІэнуи тыншкъым.

1637 гъэм лэгъупыкъум и теориер игъэбелджылауэ щытащ франджы философ, математик Декарт Рене.

Жэщу лэгъупыкъу къыщыпхуэлъагъур зззэмызэхэщ. Абы щыгъуэм ткІуэпсэхэм тридзэр мазэм и нэхурщ. Нэхъыбэрэ а къэхъукъащІэ дахэр къыболъагъу пщэдджыжьым е пщыхьэщхьэхуегъэззэкІыу. СытужьыпІэмэ, лэгъупыкъу къэунэхун папщІэ дыгъэм и нэхур уэшх ткІуэпсэхэм ялъэІэсын хуейщ градус 42-рэ хуэдизыну къуапэм (угол) щыІэу. Аращ шэджагъуэм лэгъупыкъу къыщІэмыхьыр.

ЦыкІухэ, гъэщІэгъуэнщ лэгъупыкъу зэфэззэщи зэрыщыІэр. Апхуэдэ лэгъупыкъухэр плъыжьщ е хужьщ.

2016 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м Канадэм ахъшэ щащІ пащтыхь унэм (монетный двор) дыжьын ахъшэ къыщыщІагъэкІащ лэгъупыкъу тету. Ар «дунейм и къэбулъкъащІэкэр» серием щыщщ. Лэгъупыкъу тращІыхь хабзэщ Іэхущ Іапс Іэ зэхуэмыдэхэм я ныпхэмрэ я гербхэмрэ, логотипхэм.

Нэхъыбэ дыдэрэ уафэм ита лэгъупыкъум 1994 гъэм гъатхэпэм и 14-м Великобританиеи щыкІэлъыплъэуэ щытащ. Ар пщэдджьыжьр сыхьэти 9-м щегъэжьауэ шэджагъуэм сыхьэти 3 хъуху кІуэдыжатэкъым.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.

Къашыргъэ Алихьан адыгэ фащэм ирогушхуэ.

Къуалэбзум ящыщщ

КЪЫУ. Къаз теплъэ лъэпкъыгъуэм, бабыщ лъэпкъым щыщщ. Къуалэбзу пІащэщ. Килограммми 7- 12 и хьэпагъщ, и зы дамэ лъэныкъуэр сантиметр 56 - 63-рэ мэхъу. Псым щескІэ и пщэр занщІэу иІыгъщ. Мэлъэтэж. ЩІымахуэр щегъакІуэ Средиземнэ, Каспий тенджызхэм я щІыналъэхэм, Ипщэ-Къухьэпі э Азиеи. ЩІопсэу Евразиеи и ищхъэрэ лъэныкъуэм. Кавказым и щІыпІэ зэхуэмыдэхэм, къапщтэмэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и псы ежэхэм, гуэл Іуфэхэм гъатхэ, бжьыхьэ лъэтэжыгъуэ зэманым щалъагъу. Теплъэр зэфэззэщу хужьщ, цы щабэ тетщ, лъакъуэ кІэщІщ, и кІэмкІэ ехьэкІащ. Дамэхэр инкъым, пкъым быдзу екъуэзыІлащ, мыпІащІэурэ йос. ЗекІуэну фІэфІкъым. И макъыр жьгъру лъэщщ. ИкъукІэ сакъщ.

И абгъуэ абрагъуэр, метри 2,5 - 3-м нэс эн къаухьыр, щеухуэ къамыл Іув зыІут гуэлхэм, тенджызІуфэхэм. КІэщІыгъуэм анэм абгъуэц къызыхеч. И Іусыр псыуз лъабжьэщ, псым хэс псэущхьэ жьгъейхэрщ.

«Дунеижьым щызэблэу къыухэм ди пхъэшыкъур къацІыху» - псалъэжьщ.

МЭЗДЖЭД. Мы лІэужьыгъуэм папщІэ Брэм Альфред иткащ: «КъызэрыкІуэ, е кавказ мэзджэдыр и теплъэкІэ апхуэдизу зэхэпхъащи, тэмэму къыпхуетхэкІынукъым. Абы и щхьэмрэ и пщэмрэ удзыфэщ, и бгъэр, ныбэ джафэхэр, и джабэхэр щхъуэмчыфэ лыдщ, кІащхьэ къабзий кІыхьхэр гъуаплъэ-плъыжьыфэщ. Анэм и теплъэр зэфэззэщу щыгуфэщ, Іэпапіэ фІыцІэхэр хэлъу. Ипэм мы мэзджэдыр щыпсэуащ Каспий тенджызэ Іуфэмрэ Къухьэпі э Азиемрэ, ауэ Европэм къашащ, иджы абы ущыпсыдхуэ Австриеи, Венгриеи, Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм».

Мэзджэдыр Кавказым и псыежэх Іуфэхэм, зэрыджей, пыжьей, къазмакъей, нэгъуэщІ къуацІ Іувхэм, къамылылъэ щІыпІэхэм, мэз лъапэхэм щыкІуэдащ 1950 гъэм нэс. ИужькІэ, мэзыр ираупщыкІыуэрэ, къамылыр ягъэкІуэдурэ, езыри мардэншэу къащэкІуурэ, и бжьгъэр мащІэ дыдэм хуэкІуащ. Зэран хуэмыхъуІамэ, псынщІэу мэбагъуэ: зэ гъуэлъхьэгъуэр джэдыкІэ 18-м нос. И жьейхэр анэм «къурт-къурт» жиІэурэ къереджэ, унэ джэдым хуэдэу. Жэщыр жыг къудамэхэм щегъакІуэ. Цы щипхъыж пІалъэр зэпышащ - мэкъуэуэгъуэм и кІэхэм къыщыщІэдзауэ жэпуэгъуэ пщІондэ.

Мэзджэдыр ижь-ижьыж лъандэрэ цІыхум къыдэгъуэгурыкІуэ, зэщакІуэ къуалэбзуц. Ар ди Іэрыпуэтэмэ, къапщтэмэ, нарт хъыбархэм, къыщыгъэлъэгъуащ.

«Зи нэр тхъэждэныэ, зи фэрз зымыщІэж», «щхьэплъ кІыхь дыщафэу жыгым къеплъыхь». Мыхэр мэзджэдым теухуа къуажэхьщ.

БРАТ Хьэсин

«Адыгэм я къуалэбзу щІэныгъэр» и тхылъым къитхащ.

Дзыгъуэ шыр

Мэз гуэрым зы дзыгъуэ шыр щыпсэуауэ жалэж. Ар бынунагъуэм я нэхъыщІэти, тІэкІу ягъафІэурэ щыкІат, щхьэзыфІэфІ хъуат. Зы гъэмахуэ гуэрым дзыгъуэ шырым уэрэдыжьыр къришу пкІэуэлъэуэ къежьащ:

Уари-нанэ,
Уари-на,
Зэи сэ
Сымышына...
Щхъуэщ си джанэр,
Си дзэр жанщ,
Сэ сыбланэщ -
Сы-Аслъэнщ...
Къысфіэлыкіыр
Сэ мымащІэ,
Уеблэм пылри
ХьзогъащІэ!

Жыгым лъагэу тес жьыдуужьым дзыгъуэм и уэрэд зэхихар фІэгъэщІэгъуэн хъуауэ жеІэ:

- ИгъащІэ лъандэрэ мэзым сыщІэсщи, фи лъэпкъым теухуауэ мыпхуэдэ гъэщІэгъуэн жаІэжуи зэхэсхакъым, си нэкІи слъэгъуакъым. ТІэкІу иумыгъэлэйуэ пІэрэ, дзыгъуэ щхъуэжь цыкІу?

- Си гъащІэм езгъэлеякъым. Уэ уэзригугъэмкІэ, мэзым щІэсхэм я нэхъ лъэщыр пылращ, пэжкъэ? - жи дзыгъуэм.

- Уэли, арамэ! - жи жьыдум.

- НтІэ, пщІэрэ, сэ пылри согъэшынэф. Уи фІэщ мыхъумэ уэзгъэлъагъунщ!

- Слъагъуми... - дзыгъуэ щхъуэжь цыкІум жиІэр и фІэщ мыхъуу, и нэхэр егъэкІэрахъуэ жьыдум.

Арыхэу, абдеж пылышхуэ гуэр блэкІыу къащрихьэлІэм, дзыгъуэ шыр цыкІур, пэж дыдэу, шынэ лъэпкъ и нэгум имылъу, пылым дэжейри и пэм ипщхьащ. ИкІи игъэкІылу щІопхъащ, кижьыхьурэ ешри укІуриижащ.

А псор зылъэгъуа жьыдум, къэхъуар игъэщІагъуэу, мэзыр къызэхелъэтыхь - хъыбар телъыджэр яхуеІуатэ. Ауэ, тІэкІу докІри, пыл гужьеям зыкъещІэж, и пэр лъагэу къеІэтри, ин Іейуэ къопс. Дзыгъуэ цІыкІур пылым и пэм шэм хуэдэу къолъэтри, мазэщІэж кІапэм къытохутэ.

Иджы дзыгъуэ шырым и уэрэдри къришыжьыкъым, магъри мазэм тесщ: «СеІъэмэ, сиукІынущ, семылъэмэ, шхын щхьэкІэ сылІэнущ», - жеІэри.

Хэт атІэ абыкІэ куанщэр? Езырауэ къысфІощІ.

ЩОДЖЭН Леонид.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1**. КъэкІыгъэ лъабжьэ, лыбжьэ хэлыбжьэ. **4**. ЛІым я фащэ, шым я уанэ. **6**. КІапэгъэсыу жыгыщхьэрыс, жыгыщхьэрысу пцІыупсырей. **7**. Небэ-къебэу джабэм дэкІ. **9**. Зи щхьэр хъуаскІэ, зи кІэр ласкІэ. **10**. Къудамэ лъабжьэ, джыдэжь гъэлъэІ. **11**. КІуау-кІуау лъэрыч, къуажэр щэ зэпызыч.

Къехьу: **2**. Лъакъуэ зимыІэу бжьакъуэ зытет. **3**. Ди бадзэ гуп жыг щхьэкІэщ. **5**. Жэщ уэздыгъэ, губгъуэ гъэдахэ. **8**. КІэ бэлацэ дыгъуэрей, ди джэдкъазхэм теуэрей.

Псалъэзэблэдзыр зыгъэхьэзырар **БИЦУ Жаннэщ.**

Жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **1**. Бжьыи; **4**. ЩІакІуэ; **6**. КІаникъэ; **7**. Бебыщ; **9**. МафІэрэ; **10**. Гуэмэ; **11**. Гуэгуш.

Къехьу: **2**. Нэщтэкъэ; **3**. Бжьэ; **5**. Мазэ; **8**. Бажэ.

● Таурыхъ

Къру-къру, къаз-къаз

● Джэгу

Щхьэхуэу зы лъэныкъуэкІэ зы цІыху къагъанэри, я Іэпэр зэрыІыгъыу, пашэ зиІэ цІыкІухэр зы лъэныкъуэкІэ къокІуэкІ, мыр жаІэу:

Пашэм: **Къру-къру!**
Адрейхэм: **Къаз-къаз!**
Пашэм: **Къру-къру!**
Адрейхэм: **Мэш-мэш!**
Пашэм: **Мэшых докІуэ!**
Адрейхэм: **ДыкъокІуэж!**

Щхьэхуэу къагъэна зым деж щынэскІэ, абы жраІэ:

- **Гуащэм къаз жери дыкъигъэкІуащ.**
- **Фэстар дэнэ кІуа?** - къоупщІ.
- **ХьэрэкъуакІэ дэнащ**, - жеІэ гупым щыщ зым.
- **Уэ дауэрэ укъыдэкІыжа?**
- **Тхьэмбыл-фэмбыл, лъэнтхъуий-фэнтхъуий жысІэурэ сыкъыдэкІыжащ.**

ИтІанэ зым и кІэ дыдэм щытыр Іэпэзэрыыгъэхэм къыпихуну щопхъэщ, адрейхэм ар прамыгъэхуну зэрыІыгъуэрэ йожэкІэр. Апхуэдэурэ, зырызу къыпихуурэ псори еух. ИтІанэ джэгум къытрагъэзэж.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Мариті, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ Іэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къзбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапі эм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарь **Къаншокъуэ Эллэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатІимэ**.
КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ**.
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.679
Заказыр №855
12+

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.